



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO DEMANN KONPETITIF KI NESESITE 2.000 MEGAWAT OSWA PLIS NAN NOUVO PWOJÈ ENÈJI RENOUVLAB A GRAN ECHÈL LA**

*Yon fwa li fini, pwojè yo akòde yo pral kapab alimante omwen 600,000 kay nan New York*

*Pwojè enèji renouvlab total nan tout eta a kounye a nan wout pou alimante 5.5 milyon kay nan New York*

*Devlopman an ta dwe estimile apeprè 3 milya dola investisman nan enèji pwòp epi kreye plis pase 2,000 travay kisipòte fanmi nan ekonomi vèt la*

*Akselere pwogrè pou atenn objektif New York la pou rive nan 70 pousan elektrisite nan tout eta a ki soti nan sous renouvlab yo dis 2030, sou wout pou yon rezo zewo emisyon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon sizyèm demann konpetitif New York ki nesosite 2,000 megawat oswa plis nan nouvo pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo. Pwojè yo pral gen kapasite pou alimante omwen 600,000 kay New York epi kenbe rit previzib opòtinite sou kontra avèk Eta a pou devlopè enèji renouvlab prive yo. Yon fwa yo chwazi yo, devlopman pwojè sa yo ta dwe ankouraje prèske 3 milya dola nan investisman enèji pwòp epi kreye plis pase 2,000 travay pou soutni fanmi nan ekonomi vèt la. Pote plis enèji pwòp akselere pwogrè pou atenn objektif New York pou rive nan 70 pousan elektrisite nan tout eta a ki soti nan sous renouvlab yo dis 2030.

"Enèji renouvlab se kolòn vètebral apwòch radikal New York pou netwaye rezo elektrik nou an epi ofri endistri a yon chemen fyab pou patisipe nan tranzisyon enèji pwòp nou an pou benefis tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Patenarya piblik-prive solid ki te fòme pou konstwi pwojè sa yo pral pèmèt nou non sèlman diminye emisyon yo radikalman nan batay nou kont chanjman klimatik yo, men tou sa pral lakòz plizyè milye nouvo travay ekolojik, plizyè milya dola nan kwasans ekonomik, ak yon enjeksyon investisman prive nan kominote lokal yo".

Avèk aksyon jodi a, New York ap akselere pwogram enèji pwòp pi anbisyè eta a nan Etazini, ki fè kontra avèk plis pase 120 nouvo enstalasyon enèji renouvlab a gran echèl

ki baze sou tè ki gen ladan pak solè, pak ewolyen tèrès, ak enstalasyon idwo-elektrik - gen kèk nan yo ki te asosye avèk estokaj enèji. Pwojè yo chwazi atravè demann sa a prevwa jenere apeprè 4.5 milyon megawat èdtan elektrisite renouvlab chak ane, ase enèji renouvlab pou diminye emisyon kabòn nan 2 milyon tòn metrik - ekivalan a retire yon demi milyon machin sou wout yo chak ane.

NYSERDA prevwa notifiye devlopè ki jwenn rekonpans yo nan prentan 2023. Peman nan sibvansyon sa yo p ap kòmanse anvan pwojè yo jwenn tout pèmi ak apwobasyon ki nesèsè yo epi yo vin operasyonèl pou alimante New York.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Aprè yon gwoup prim istorik nan kòmansman ane sa a, New York ap avanse ak tout fòs pandan n ap chèche konstwi plis pwojè enèji renouvlab a gwo echèl atravè eta a nan mach nou an pou objektif enèji renouvlab Eta a ak pi lwen. Gouvènè Hochul pran angajman pou l asire kominote lokal yo gen yon vwa nan devlopman pwojè sa yo, epi NYSERDA espere travay avèk devlopè yo chwazi yo ak minisipalite akèy yo pou asire pwojè sa yo avanse yon fason responsab epi pote benefis konsiderab kominotè ak ekonomik".

Dispozisyon remakab nan demann sa a enkli men pa limite a:

- Pote travay ak benefis pou kominote ki defavorize yo nan yon evalyasyon favorab pwojè ki kapab byen fè avanse benefis pou kominote sa yo ki istorikman defavorize, epi ankouraje anpil angajman devlopman mendèv ak patenarya avèk òganizasyon travay ak komès yo.
- Etabli yon minimòm egzijans pou achte fè ak asye nan Etazini pou ankouraje itilizasyon asye domestik nan konstriksyon enstalasyon solè ak ewolyen epi mande devlopè yo pou yo bay opòtinite pou founisè asye ki baze Etazini yo patisipe nan endistri enèji renouvlab la, konfòmman ak entansyon Lwa New York sou Acha nan Etazini (New York Buy American Act).
- Egzije pou yo peye travayè ki asosye ak konstriksyon nenpòt enstalasyon ki benefisyè pou yo peye yo salè anvigè ki aplikab la pou asire bon jan kalite konstriksyon ak asire travay ki sipòte fanmi Nouyòkè yo.
- Ankouraje epi evalye de preferans devlopè ki angaje yo pou yo itilize Biznis Eta New York Minorite ak Fanm Posede (MWBE) yo ak Biznis Veteran ki Andikape nan Sèvis Posede (SDVOB) yo.
- Ankouraje moun k ap fè pwopozisyon yo pou evite devlopman sou tè agrikòl ki gen pi bon kalite yo, epi pran angajman pou pran mezi ko-itilizasyon pou sipòte operasyon agrikòl kontinyèl yo ansanm ak finansman pou sipòte operasyon agrikòl rejonan yo.
- Asire ke kominote ki pral òganize pwojè ki aksepte avèk siksè yo patisipe konplètman nan pwosesis devlopman an, epi pou moun k ap fè pwopozisyon yo demontre yon angajman pou angajman kominotè souvan epi aktif.
- Kontinye ankouraje pwopozisyon ki rantab ki asosye enèji renouvlab avèk teknoloji estokaj enèji yo, ki gen ladan evalyasyon preferansyèl pwopozisyon ki lokalize enstalasyon estokaj yo nan reyon eta yo ki sèvi prensipalman ak

konbistib fosil yo pou konbat enpak polisyon grav yo ke kominote defavorize yo ap sibi yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Pwojè ki elijib yo enkli nenpòt pwojè renouvlab a gran echèl ki ka sètifye kòm yon teknoloji renouvlab [Nivo 1](#) epi ki te vin fonksyonèl apre 1 janvye 2015. Pwojè k ap patisipe yo ki poko nan operasyon yo dwe montre prèv ke yo kapab rive nan operasyon komèsyal me 2025, avèk opsyon pou pwolonje jiska me 2028.

Moun ki enterese fè pwopozisyon yo ka aplike sou [pajwèb Demann Nivo 1 NYSERDA](#) a. Dat limit pou soumèt Aplikasyon Elijibilite pou Premye Etap la se 16 novanm 2022 jiska 3:00 p. ET. Y ap fè yon seminè sou entènèt nan dat 6 oktòb 2022 nan 1:00 p.m. ET pou bay plis enfòmasyon sou demann sa a. Moun ki enterese nan seminè a [ka enskri sou paj enskripsyon seminèt sou entènèt la](#) epi nou ankouraje pou yo enskri ak soumèt kesyon yo alavans bay [RES@nyserda.ny.gov](mailto:RES@nyserda.ny.gov).

**Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,** "Endistri enèji renouvlab la se avni pou kreye yon mendèv dirab ak byen peye. Investisman prive a pral revitalize kominote lokal yo epi dinamize ekonomi Eta New York la. Pwojè enèji renouvlab sa yo se yon gwo viktwa pou Nouyòkè yo".

Pliske Eta a kontinye pwogrè li vè sib enèji renouvlab 2030 lan ak pi lwen, l ap kontinye mete aksan epi amelyore angajman avèk kominote kote pwojè yo ap fèt yo. NYSERDA ofri resous ak asistans teknik gratis pou ede gouvènman lokal yo konprann kijan pou jere devlopman enèji pwòp responsab nan kominote yo, ki gen ladan enstriksyon etap pa etap ak zouti pou gide aplikasyon enèji pwòp, ki gen ladan pwosesis pèmi, taks sou pwopriyete, sit, zonaj, ak plis ankò.

**Manm Asanble a Michael Cusick te deklare,** "Pandan New York ap kontinye reyalize objektif enèji pwòp agresif li yo, mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li te lanse yon lòt opòtinite piblik pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl ki pral asire elektisite eta a ap mache avèk resous solè ak ewolyen de plizanpli. Anons jodi a pral kontinye bati sou pwogrè sa a pandan l ap ankouraje investisman prive ak nouvo travay ekolojik nan kominote atravè eta a".

**Julie Tighe, Prezidan Lig Konsèvasyon Elektè New York la te deklare,** "Lig Konsèvasyon Elektè New York la bat bravo pou 6yèm demann konpetitif NYSERDA pou plis pwojè enèji renouvlab a gran echèl. 2,000 travay pou soutni fanmi ki prevwa a ki pral kreye kòm rezilta demontre angajman pwofon Gouvènè Hochul pran pou nourri yon ekonomi enèji vèt ki travay pou klas mwayèn New York, epi lòt 2,000 megawat plis enèji pwòp vle di New York ap kontinye mach solid li nan direksyon yon rezo enèji zewo emisyon".

**Zack Dufrense, Direktè Egzekitif Asosyasyon Endistri Enèji Solè New York la, te deklare,** "NYSEIA kontan anpil pou l wè Eta New York kontinye kenbe pwomès li pou l pwofite devlopman enèji renouvlab prive pou konstwi yon rezo elektrik ki pi pwòp ak pi dirab. Pwojè enèji pwòp yo akòde atravè pwosesis demann previzib NYSERDA pral

ajoute nan plis pase 12,000 travay nan enèji solè nan Eta nou an, ogmante investisman ak opòtinite nan kominote lokal yo, epi akselere pwogrè nou nan direksyon objektif anbisye CLCPA Eta a. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul ak efò konstan ajans egzekitif New York yo ap fè nan travay pou konstwi yon avni ki pi pwòp pou pwochen jenerasyon an".

**Anne Reynolds, Direktris Egzekitif Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare,** "Li fè bon sans pou New York pibliye pwochen demann sa a pou pwojè enèji ewolyen ak enèji solè pandan Semèn Klima NYC, paske bati nouvo pwojè enèji renouvlab se fondasyon plan New York pou atake chanjman klimatik. Devlopè enèji pwòp yo pral kounye a fè konpetisyon pou yon kontra alontèm avèk New York. Nan fason sa a, pwojè ki pi byen fèt ak pi bon pri yo ta dwe genyen epi konstwi, pou kreye travay konstriksyon ak kouran pwòp pou Nouyòkè yo".

Yon fwa yo chwazi yo, pwojè sa yo pral ajoute nan pòtfey pwojè solid enèji renouvlab a gran echèl New York la ki prevwal founi plis pase 14,200 megawat enèji pwòp nan rezo a lè yo fini - sa ki ase pou alimante apeprè senk milyon edmi kay nan New York. Angajman Eta a pou konstwi nouvo transmisyon enèji vèt, ki te dirije pa 402 km nouvo amelyorasyon majè ki deja sou pye nan tout eta a, epi avèk liy transmisyon Clean Path New York ak Champlain Hudson Power Express [ki apwouve](#) an avril, pral pèmèt devlopman aktyèl enèji renouvlab yo pou alimante plis pase 66 pousan elekrisite New York ki soti nan sous renouvlab yo yon fwa ke yo operasyonèl.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elekrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418